



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRESKE \$2 MILYON NAN FINANSMAN POU
PWOGRAM NITRISYON MACHE KILTIVATÈ GRANMOUN YO**

***Yo te bay finansman adisyonèl nan bidjè Eta pou premye fwa pou ranfòse
pwogram nan epi rive atenn plis granmoun***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo pral distribye preske \$2 milyon nan Pwogram chèk Nitrisyon Mache Kiltivatè Granmoun yo toupatou nan eta. Pou premye fwa, yo te bay lajan adisyonèl nan bidjè Eta New York pou elaji pwogram \$1.5 milyon dola Depatman Agrikilti Etazini epi rive atenn plis granmoun. Pwogram nan bay liv chèk pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo ki gen laj 60 ane ak pi gran pou achte fwi ak legim ki fèt lokalman ki vo \$20 nan men mache argikòl lokal yo.

“Administrasyon nou an ap ede plizyè milye granmoun ki gen revni fèb pou viv ak manje byen lè yo gen aksè a pwodui fre ki fèt lokalman,” Gouvènè Cuomo te deklare.

“Pwogram sa a ankouraje bon jan kalite lavi epi sipòte agrikiltè yo toupatou nan eta, e lè yo ajoute lajan nan bidjè ane sa a nap asire ke plizyè milye lòt Nouyòkè ka benefisye tou. Mwen fyè dèske administrasyon nou an ap rejwenn patnè federal nou yo pou fè pwogram sa vini pi bon pase anvan, e mwen ankouraje nenpòt moun pou tcheke mache argikòl lokal nou yo pandan ete sa a.”

Nan kominote nan nò yo, chèk yo pral disponib pou granmoun ki kalifye yo apati 17 jen nan zòn konte ki gen ajans pou granmoun yo. Yo pral disponib egalman nan Pwogram alimantè siplemantè nan Konte Kings ak Wyandanch. Nan vil New York, chèk yo pral disponib pou kolekte nan sit rasanbleman manje Depatman NYC te chwazi pou moun Aje yo nan mwa jiyè.

Apeprè yo pral distribye 20,000 livrè anplis ane sa a pou yon total 120,000. Livrè yo gen ladan senk chèk \$4.00 ki pral pèmèt acha fwi fre ak legim ki fèt lokalman ki soti nan 950 mache distribitè agrikiltè nan 600 mache argikòl kominotè ak kontwa agrikiltè yo toupatou nan eta. Yo pral mete nan chak kanè chèch yon ti pòch ki gen enstriksyon sou jan ak kote yo ka itilize chèk yo pou achte fwi ak legim fre ki soti kay agrikiltè sou mache a.

Komisyonè Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York Richard A. Ball te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk lejislati a paske yo te fè Pwogram Nitrisyon Mache Kiltivatè pou Granmoun yo yon priorite. Lajan anplis la vle di plis nan granmoun nou yo pral anmezi pou kolekte liv chèk sa yo epi fè chwa ki entelijan, ansante pou manje yo, pandan lap sipòte plizyè santèn kiltivatè kap patisipe nan mache kominotè yo.”

Pwogram nan jere anba kontwòl Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York, nan tèt ansanm avèk Biwo Eta New York pou Granmoun Aje, Depatman Vil New York pou Granmoun Aje ak Depatman Sante Eta New York. Cornell Cooperative Extension bay edikasyon sou Nitrisyon. Moun yo kapab itilize chèk yo nan mache kiltivatè patisipan yo jouk nan dat 30 novanm ane sa.

Benefisyè ki kalifye yo dwe gen laj 60 ane oswa pi gran epi reponn a kritè kalifikasyon revni—\$1,815 oswa mwens pa mwa pou yonsèl moun oswa \$2,456 pa mwa pou yon koup de moun— oswa afime ke yap resevwa aktyèlman oswa kalifye pou resevwa Sipleman Sekirite Revni (SSI), oswa asistans piblik oswa sibvansyon lojman seksyon 8. Benefisyè yo pa kapab resevwa chèk pwogram Nitrisyon Mache Kiltivatè nan okenn lòt lokasyon.

Corinda Crossdale, Direktè Biwo Eta New York pou Moun ki Aje te deklare, « Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Lejislati Eta New York ansanm avèk patnè nou yo, Komisyonè Ball, paske yo te rekonèt enpòtans Pwogram Nitrisyon Mache Kiltivatè pou granmoun yo. Pwogram sa ki lajman popilè bay fwi ak legim fre ki fèt lokalman a moun yo ki gen revni fèb, souvanfwa nan risk moun ki pi aje yo, pou ede yo amelyore sante yo grasa bon jan kalite nitrisyon. Angajman New York pou non sèlman Nouyòkè ki pi aje yo, men egalman kominote agrikòl inik la. »

Komisyonè Egzekitif Adjwen Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York Sharon Devine te deklare, “Yon demi milyon dola ki soti nan Eta pou chèk mache kiltivatè yo pral sètènman ede granmoun ki nan nesessite yo nan New York ajoute plis fwi fre ak legim nan rejim yo pandan ete ak nan otòn sa a. Nou rekonesan a Gouvènè Cuomo paske li sipòte pwogram enpòtan sa a, ki pral ede granmoun yo manje yon rejim ki ansante, yon pati enpòtan nan rete ansante anjeneral. Nou ankouraje fòtman tout granmoun ki panse ke yo kapab kalifye pou pwogram nan pou yo aplike, enkli sila yo ki deja patisipe nan Pwogram Asistans Sipleman Nitrisyon.”

“Asire aksè a fwi fre ak legim se kle pou ede granmoun yo viv ansante ak lavi endepandan,” te deklare Komisyonè Sante Eta New York Dr. Howard Zucker. “Pwogram sa bay aksè a kèk granmoun ki pi vilnerab kidonk yo menm tou ka pwofite de pwodui nourisan ke agrikiltè New York yo ofri.”

Depite Nita Lowey te deklare, “Pwodui fre se yon konpozan esansyèl nan yon rejim alimantè ki ansante. Mwen kontan dèske granmoun yo ki nan bezwen toupitou nan New York pral gen opòtinite pou achte fwi ak legim ki pwodui lokalman grasa pwogram sa a. Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon an, mwen pral kontinye travay pou asire sipò pou granmoun nou yo.”

Kongrèsman Sean Patrick Maloney te di konsa, “Ak douzèn mache agrikòl atravè Hudson Valley a, tèt kole enpòtan sa envesti nan ekonomi nou an, kore agrikiltè lokal nou yo, epi bay granmoun nou yo fwi ak legim fre ki bon pou sante.”

Pou jwenn yon lis mache agrikòl toupatou nan eta, tanpri vizite www.data.ny.gov oswa klike [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418